

## Resous pou Chofè

Pandan kriz sante COVID-19 la, TLC ak Minisipalite Vil la ap pran mezi pou kore chofè TLC yo, pwopriyetè machin yo, ak biznis yo. Moun ki gen lisans TLC yo ka pwofite itilize [Sant Resous pou Chofè a](#), ki bay konsèy finansye ak sèvis jiridik ak lòt resous Minisipal gratis ki ka itil nou tankou asirans swen sante, resous sante mantal ak plis ankò.

Sèvi ak lyen ki anba yo pou jwenn plis enfòmasyon sou resous ki disponib pou ou. Pou dènye konsèy Depatman Sante ak plis resous COVID-19 Minisipalite a,, ale sou sitwèb [nyc.gov/coronavirus](http://nyc.gov/coronavirus).

### Sant Resous pou Chofè

[Sant Resous pou Chofè](#) a se yon espas kote chofè yo ka santi yo alèz pou yo chèche resous konsèy finansye, sèvis jiridik, sante ak sante mantal ak sipò pou aplike pou avantaj piblik yo gratis. [Pwograme yon randevou jodi a](#).

- [Men Kijan pou w Pwograme yon Randevou](#)
- [Kesyon Moun Poze Souvan Yo](#)
- [Feyè Sant Resous pou Chofè](#)

### Avantaj Chomaj Eta New York

Chofè ki gen lisans TLC yo ki gendwa te pèdi salè akòz ijans sante piblik COVID-19 lan ta dwe aplike nan [Depatman Travay Eta New York](#) la pou avantaj chomaj.

Chofè ke [Depatman Travay Eta New York](#) klase kòm anplwaye kalifye pou avantaj asirans tradisyonèl chomaj yo (Unemployment Insurance, UI). Aplike sou entènèt nan [labor.ny.gov/signin](http://labor.ny.gov/signin).

Chofè ki gen lisans TLC yo ki se travayè endepandan/Kontraktè endepandan kalifye kounye a pou avantaj Èd pou Chomaj pandan Pandemik (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) pa mwayen avantaj amelyore Asirans Chomaj (UI) Lwa federal CARES lan ofri. Pou yo ka konsidere ou pou avantaj Èd pou Chomaj pandan Pandemik (PUA), ou dwe aplike pou toudabò nan Depatman Travay Eta a.

#### Kisa ou dwe fè:

- Aplike sou entènèt nan [labor.ny.gov/signin](http://labor.ny.gov/signin).



**Taxi & Limousine  
Commission**

- Pou aplike nan telefòn, rele nan 1-888-209-8124
- [Klike la a](#) pou telechaje yon òganigram pou pwosesis aplikasyon an
- [Klike la a](#) pou jwenn yon fich enfòmasyon nan Depatman Travay Eta New York

**Ou gendwa kalifye pou resevwa:**

- 39 semèn avantaj UI oswa PUA
- Yon lòt \$600/semèn jiska 7/31/2020

Chofè ki gen lisans TLC kapab aplike pou avantaj Asirans Chomaj (UI) oswa pou Èd pou Chomaj pandan Pandemik (PUA) menm si y ap resevwa kèk revni toujou apati yon kantite trajè limite oswa lòt travay tankou [DeliveryTLC](#).

Se [Depatman Travay Eta New York](#) k ap jere avantaj UI ak PUA yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sitwèb Lwa CARES](#) lan oswa fè lekti [Kesyon Moun Poze Souvan sou UI Pandan ijans Kowonaviris](#) lan.

## Èd pou Manje

Tout Nouyòkè yo ka resevwa manje gratis nan distribisyon manje ak sant repa yo nan toupatou nan Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: [www.nyc.gov/GetFoodNYC](http://www.nyc.gov/GetFoodNYC).

## Èd Finansye

### Ou gen difikilte pou peye Bòdwo?

Jwenn konsèy finansye konfidansyèl GRATIS nan [Sant Otonomizasyon Finansye NYC](#).

Akòz enkyetid pou sante k ap pèsiste konsènan COVID-19 ak nesosite pou pi gwo distans sosyal, tout Sant Otonomizasyon Finansye yo kounye a ofri sesyon konsèy finansye adistans nan koutfil. Pou pwograme yon randevou pou konsèy finansye adistans [klike la a](#). Pou jwenn plis enfòmasyon sou randevou konsèy finansye adistans ale nan [paj Kesyon Moun Poze Souvan yo oswa klike la a](#).

### Sèvis pou Ti Biznis

Èd finansye pou biznis ki afekte ak COVID-19 disponib kounye a nan [Administrasyon Ti](#)

### [Biznis Etazini \(Small Business Administration, SBA\).](#)

Prè SBA yo ap disponib sou baz premye vini premye sèvi, kidonk li enpòtan pou soumèt aplikasyon ou san pèdi tan. Si ou gen kesyon anrapò ak pwogram SBA yo, voye yon imèl bay [answerdesk@sba.gov](mailto:answerdesk@sba.gov).

Klike [la a](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou resous prè SBA yo pou COVID-19 ak konsèy pou ti biznis yo. Gade yon konparezon pwogram SBA yo [la a](#).

### **Aplikasyon pou Avantaj Piblik yo**

Administrasyon Resous Imèn Vil la (Human Resources Administration, HRA) ka ede ou avèk aplikasyon pou avantaj piblik yo pa mwayen AccessHRA, sa ki gen ladan Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Èd Lajan Kach (Cash Assistance), ak renouvèlman Medicaid. [Klike la a pou jwenn plis enfòmasyon.](#)

- [NYC.gov/nycwell](http://NYC.gov/nycwell)

### **Inite Pwoteksyon Chofè**

Inite Pwoteksyon Chofè a pwoteje dwa tout taksi ak veyikil lokasyon (for-hire) yo. Inite a fè ankèt sou plent yo moun ki gen lisans TLC yo soumèt ki te viktim konpòtman ilegal ki gen ladan:

- Mankman pou peye chofè yo sa yo touche lè yo fè yon trajè
- Mankman pou remèt depo sekirite chofè a
- Mankman pou chofè yo kopi dokiman yo egzije dapre règ TLC yo, sa ki gen ladan kontra lwaye ak resi yo
- Chaje twòp lajan pou kontra-lwaye oswa acha machin
- Zak vòl idantite
- Vanjans poutèt yo depoze yon plent nan TLC

Inite a egzamine tou règ Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York pou amelyore dwa chofè yo epi li bay fòmasyon regilyèman sou Dwa Chofè yo nan tout Vil New York. Jiskaprezan, Inite a te ede chofè yo rekipere plis pase \$3.2 milyon dola.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan (718) 391-5539 oswa voye yon imèl bay

[driverprotection@tlc.nyc.gov](mailto:driverprotection@tlc.nyc.gov).

**Enfòmasyon Asosye:**



**Taxi & Limousine  
Commission**

- [Deklarasyon Dwa sou Chofè Flòt Taksi](#) (PDF)
- [Deklarasyon Dwa Chofè Taksi DOV](#) (PDF)

## Sèvis Jiridik

- **Legal Services NYC**
  - Telefòn: 917-661-4500
  - Sitwèb: <http://www.legalservicesnyc.org/>
- **New York Legal Assistance Group**
  - Telefòn: 212-613-5000
  - Sitwèb: <https://nylag.org/>
- **Legal Aid Society**
  - Telefòn: 212-577-3300
  - Sitwèb: <http://www.legal-aid.org/en/home.aspx>
- **NYPIRG**
  - Sitwèb: <https://www.nypirg.org/sccac/>
- **Law Help NY**
  - Sitwèb: <https://www.lawhelpny.org/>

## Enskripsyon Elektè

Pou enskri pou vote oswa pou Estati Enskripsyon Elektè ou ak Konsèy Elektoral nan Vil New York la al gade nan [Sitwèb Konsèy Elektoral Vil New York la](#).